



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòm. Edike. Defann.

Sèvis Entèkansyon Bonè pou Ti Bebe ak Timoun ki gen Andikap

YON TI KOUT JE

Timoun ak andikap ki kalifye, soti nan 0 pou rive nan 3 lane, ka resewva sipò entèkansyon bonè ak sèvis ki apopriye pou bezwen devlopman yo. Fanmi yo ka resewva tou sipò ak sèvis ki ka ede yo bati kapasite yo pou yo sipòte devlopman pitit yo ak defann yo pou yo jwenn sèvis ki apopriye ak yo.

Konnen ke anpil moun refere sèvis entèkansyon bonè yo tankou "Part C" sèvis paske "Part C" nan Ak edikasyon moun ak andikap yo (IDEA), se yon lwa federal ki mande pou tout eta bay sèvis entèkansyon bonè ak ti bebe ansanm ak timoun ak andikap ki kalifye.

Ki kalite sèvis entèkansyon bonè ke yon timoun ak yon fanmi ki kalifye ka resewa?

- Edikasyon espesyal/ Edikasyon bonè pou timoun
- Sèvis terapi Tankou terapi fizik, terapi okipasyonèl ak langaj
- Odyoloji, lang siy ak siy lapawol
- Sèvis vizyon
- Sipò ak sèvis pou fanmi ki enkli kòdinasyon, Fòmasyon pou fanmi, konsèy, visit lakay, sèvis sosyal, ak transpòtasyon

Kiyès mw ka kontakte si mpanse ke pitit mwen bezwen sèvis entèkansyon bonè?



Child Development Watch (CDW):

New Castle County Office (8:00 am - 4:30 pm)
Chopin Building, University Plaza, Newark, DE
(302) 283-7240 / (800) 671-0050

Kent/Sussex Counties Office (8:00 am - 4:30 pm)
Walnut Street Building, Milford, DE
(302) 424-7300 / (800) 752-9393

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yo òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran angaje nan edikasyon pitit yo.

Kiyès ki kalifye pou sèvis entèvansyon bonè?

Yon ti bebe oubyen yon timoun, nan laj 0 pou rive nan 3 lane, ak fanmi timoun sa, ka resevwa sèvis entèvansyon bonè si timoun nan fè pati kategori “Ti bebe oubyen timoun ak andikap”

Genyen 2 fason yon ti bebe oubyen yon timoun ka kalifye pou sèvis entèvansyon bonè:

1. Si timoun nan 25% anreta nan youn oubyen plis nan kategori devlopman sa yo: (a) mantal; (b) Fizik (Vizyon ak tande); (c) kominikasyon; (d) Sosyal ak emoasyon; (e) Adaptasyon. **Oubyen**
2. Si timoun nan gen yon kondisyon fizik oubyen mantal ki gen yon gro chans pou fè li anreta, menm si li poko gen 25% anreta. Kondisyon sa yo gen ladan yo down syndrome, yon malady jenetik, Kromozom anomal, oubyen yon maladi nan tèt.

Ki ajans ki responsab pou bay sèvis entèvansyon bonè yo?

Child Development Watch (CDW), se yon ajans anndan depatman sante ak sèvis Sosyal (DHSS), ki responsab pou bay sèvis entèvansyon bonè ak ti bebe ak timoun ki gen andikap ansanm ak fanmi ki kalifye.

The birth to three program (nesans jiska twa zan), se yon lot program anndan DHSS ki se tèt ajans lan oubyen ofis eta ki responsab pou sipèvizè sèvis entèvansyon bonè nan Delaware.

Kijan yo decide si yon timoun kalifye pou sèvis entèvansyon bonè ak ki entèvansyon ke timoun nan ak fanmi li ka resevwa?

Si yo refere pitit ou nan CDW, CDW pral– ansanm ak konsantman w fè yon evaliyasyon pou pitit ou a, epi decide -- selon evaliyasyon ak enfòmasyon ke ou bay– si pitit ou a kalifye pou sèvis entèvansyon bonè.

Si pitit ou a kalifye pou sèvis entèvansyon bonè, CDW ap fè yon reyinyon kap genyen oumenm, CDW kòdinatè w la, ak lot pwofesyonèl pou devlope yon dokiman ki ap rele plan sèvis endividyalize pou fanmi (ISFP) kap la pou ede bezwen pitit ou ak fanmi w.

Avèk konsantman w, CDW ap bay sèvis pou pitit ou ak fanmi w selon sa ki nan IFSP a.

Lot resous pou sèvis entèvansyon bonè

Department of Health and Social Services, Birth to Three

<https://www.dhss.delaware.gov/dhss/dms/epqc/birth3/directry.html>

Early Childhood Technical Assistance Center

<http://ectacenter.org/families.asp>

Center for Parent Information and Resources

<https://www.parentcenterhub.org/ei-overview/>

